

# 1 ak 2 lèt Pyè



## PREMYE LÈT PYÈ

### ***PREMYE KOZE A***

#### ***Ki moun ki te ekri lèt sa a?***

Depi nan kòmansman Legliz la, tout moun te dakò pou di se Apot Pyè ki te ekri lèt sa a. Kèk gwo ekriyen premye syèk Legliz la, tankou Kleman, Polikap ak Irene te toujou di se Apot Pyè ki te ekri lèt la. Li pa t ekri l ak pwòp men l. Se yon sekretè yo rele Silven ki te ekri l (1Pyè 5,12).

#### ***Ki dat lèt la te ekri?***

Se yon dat anvan lanmò Apot la, ant lane 64 ak lane 67. Gen moun ki kwè se apre Pyè te fin mouri, sekretè li Silven, ki te yon kolaboratè Pòl tou (1Tes 1,1; 2Tes 1,1), te ekri lèt la. Men se yon sipozisyon.

#### ***Pou ki moun yo ekri lèt sa a?***

Premye Lèt Pyè a vle bay kretyen yo kouraj ak konsolasyon (1Pyè 5,12). Kretyen sa yo te gaye nan divès kwen Lanpi Women an : Pon, Galasi, Kapadòs, Lazi ak Bitini (1Pyè

1,1). Tout Pwovens sa yo, se te pwovens ki anba lòd lanprè women an e yo tout te fè yon sèl nan administrasyon Lanpi a.

Yo ekri «*pou sila yo Bondye chwazi, k ap viv tankou etranje*» (1Pyè 1,1). Sa vle di kretyen sa yo se moun ki sòti nan lòt peyi yo, ki gaye nan Lanpi women an. Se moun ki kite peyi yo, kilti yo, fanmi yo pou y al chèche lavi. Lè tout moun sa yo te antre nan kominote kretyen an, yo te jwenn idantite yo, èd ak solidarite. Epitou Pyè fè yo konprann kwè yo vin kwè nan Pawòl la fè yo vin fòmè yon pèp tounèf, Pèp Bondye a (2,9-10). Lide Pèp Bondye a te jwe yon wòl enpòtan nan Konsil Vatikan 2.

Nan moman lèt sa a te ekri, kretyen yo t ap pase anpil traka, yo te nan gwo danje akòz lòt moun ki pa t dakò ak prensip yo. Yo t ap veye yo, yo te denonse yo, yo te sasi-nen yo (1Pyè 1,6; 3,14; 4,12).

Yo nan gwo danje paske nenpòt moun, yo pa konnen kapab ba yo yon kout lang, epi poutèt sa, lavi yo te an danje. Yo te kapab mennen yo nan tribinal, tòtire yo, menm rive touye yo. Poutèt sa kretyen yo te dwe pran anpil prekasyon (1Pyè 2,12) pou vwazen yo pa denonse yo (1Pyè 4,7).

### ***Poukisa yo te ekri lèt la ?***

Nou li nan 3,15: «*antan nou toujou pare pou nou defann tèt nou devan nenpòt moun ki mande nou pou ki rezon nou gen lespwa sa a nan nou.*» Premye rezon ki fè yo te ekri lèt sa a se pou ede moun yo pou yo kenbe fèm nan lespwa, epi pou yo kapab ale devan tribinal yo pou yo bay temwayaj.

Dezyèm rezon an se yon avètisman : Bondye mande nou pou nou bon, men pa pou nou sòt pou sa. Yo dwe aji ak anpil bon konprann, mele ak anpil prekasyon.

### ***Men chapant premye lèt Pyè a :***

(1Pyè 1,3-21): **Yon Kreyasyon tounèf:** Pèp Bondye tounèf la te sòti nan aktivite Bondye Papa a, Pitit la ak Lespri Sen an.

(1Pyè 1,22-2,10): **Yon Egzòd tounèf:** Kretyen yo dwe viv yon Delivrans tounèf, yon Pak tounèf.

(1Pyè 2,11-3,12): **Yon òganizasyon tounèf:** fè kretyen yo sonje obligasyon yo genyen nan yon sosyete ki pa gen jistis, ki pa kòrèk, ki miwo miba, pou yo bati yon sosyete egalego.

(1Pyè 3,13-4,11): **Yon chemen tounèf:** Mande moun ki batize yo, pou yo fè rezis-tans, pou yo pa dekouraje devan pèsèkasyon yo, menm jan Jezi te fè nan soufrans li yo.

(1Pyè 4,12-5,11): **Yon rèv tounèf:** Li mande pou kretyen yo kenbe fèm, pa lage. Pou yo rete fèm nan lafwa yo nan Jezi Kri pandan yo gen je yo fikse sou viktwa final la.

Jak 1,1 **1** <sup>1</sup>Pyè, apot Jezi Kri, pou sila yo k ap viv tankou etranje ki gaye nan peyi Pon, Galasi, Kapadòs, Lazi ak Bitini. Yo chwazi yo <sup>2</sup>dapre sa Bondye Papa a konnen davans lan, nan Lespri ki Sen an, dekwa pou yo obeyi ak pou Kris la lave yo ak san l. Se pou favè ak kè poze vin piplis nan nou.

### Delivrans patizan Jezi Kri yo

<sup>3</sup>Konpliman pou Bondye, Papa Jezi Kri Granmèt nou an. Se li menm, paske kè l sansib anpil, ki fè nou fèt yon dezyèm fwa akòz leve byen vivan Jezi Kri pami mò yo, pou nou gen yon lespwa vivan, <sup>4</sup>epi pou nou gen yon eritaj ki p ap gate, ki san defo, ki p ap fennen. Se li l sere pou nou nan syèl la, <sup>5</sup>pou nou menm pouvwa Bondye pwo-teje a poutèt lafwa nan delivrans ki prèt pou parèt aklè nan dènye tan an. <sup>6</sup>Ladan li, nou va gen anpil kè kontan, menm si kounye a nou gen pou nou soufri yon ti tan ankò anba tout kalite tray. <sup>7</sup>Konsa sonde yo sonde lafwa nou an, se pou li gen piplis valè pase lò ki kapab peri, paske yo teste l nan dife, epi pou li jwenn lwanj, glwa ak onè lè Jezi Kri ap parèt aklè. <sup>8</sup>Li se Sila nou renmen san nou pa wè li a. Antan nou

kwè kounye a san nou pa wè l, nou gen yon kalite kè kontan nou pa kapab pale epi ki plen glwa, <sup>9</sup>nan fè y ap fè nou favè rive kote lafwa dwe rive a: delivrans nanm yo.

<sup>10</sup>Sou delivrans sa a, pwofèt yo te chèche, yo te fouye, yo menm ki te pale tankou pwofèt sou favè y ap fè nou an. <sup>11</sup>Yo te chèche pou kilè ak pou ki epòk, Lespri Kris ki te nan yo a, te dekouvri soufrans Kris la aklè ak glwa ki t ap vini apre a. <sup>12</sup>Yo te dekouvri yo aklè ba yo, se pa t pou yo menm, men se pou nou, yo te nan sèvis bagay sa yo. Se bagay y ap anonse nou kounye a, grasa sila yo, ki te ban nou Bon Nouvèl la nan Lespri Sen an, yo voye sòti nan syèl la. Bagay sa yo, zanj yo anvi foure je gade yo.

### Ankourajman pou lavi kòrèk

<sup>13</sup>Poutèt sa, pare lespri nou tankou si nou mare yon senti nan ren nou. Kontwole tèt nou. Mete lespwa nou nètale sou favè y ap pote pou nou an, lè Jezi Kri ap parèt aklè. <sup>14</sup>Tankou timoun ki obeyisan, pa tounen gen move anvi lontan nou yo, lè nou pa t gen konprann. <sup>15</sup>Men se pou nou vin sen nan tout konpòtman nou, menm

**1,1** : Papa a, Pitit la ak Lespri Sen an fè yon sèl. Tout kominote kretyen chita sou modèl sa a : se li ki pi bon kominote a. Yo te pale yo de eritaj Bondye sere pou yo akòz leve Kris la, ki yon trezò ki p ap ni peri, ni gate, ni janm fini. Sa montre nou moun sa yo te pèdi lòt kalite eritaj : yo te pèdi tè a ak peyi yo. Yo gaye kò yo nan divès peyi Lanpi women an. Bondye te chwazi yo pou li pase yon Kontra tounèf ak yo nan san Jezi Kri ki te koule a. Pèp Bondye Ansyen Kontra a te gen tè Bondye te pwomèt li a kòm eritaj. Pèp Bondye Nouvo Kontra a gen kòm eritaj Peyi kote Bondye Wa a.

**1,3-5** : Batèm nan se yon lavi tounèf (Jan 3,19) moun ki batize yo, jwenn nan Jezi Kri ki leve byen vivan an pami mò yo. Nan batèm nan, kretyen yo fèt yon lòt fwa ankò, pou yon lavi tounèf epi pou yon listwa tounèf. Se sa ki bay kretyen yo yon lespwa ki pi fò pase tout lòt lespwa nou te kapab genyen nan lavi sa a.

**1,6-9** : Men kretyen yo te deja konnen yo ta pral anba menas ak pèsekisyon akòz lafwa yo. Batize vle di : ou pran angajman ak Kris la jis ou

mouri. Se pou nou mennen yon lavi ki itil epi ki gen valè devan Bondye, menm si sa koute nou chè.

Lafwa, lespwa ak renmen : (twa fòs sa yo) yo sòti nan Bondye, epi yo mache ansanm nan lavi kretyen an. Kris la te soufri pou l te rive nan glwa li. Se menm chemen sa a ki trase pou kretyen yo. Ti pa ti pa Kris la montre pwòp kè kontan leve byen vivan li a, nan lavi kominote kretyen an.

**1,10-12** : Bondye te fè plan pou sove pèp li a rive bout nan lanmò ak leve byen vivan Jezi Kri, Pitit li a. Se sa gwo mèvèy tout moun ki anonse Bon Nouvèl la ak pouvwa Lespri Sen an bay moun yo. Se Lespri Sen an ki fè konprann kouman Bondye travay nan listwa pèp li a pou rive reyalize plan li genyen pou sove li a nèt.

**1,13-21** : Nan batèm nan kretyen an kòmanse yon nouvo lavi ki mande pou li mache san rete nan chemen ki fè Bondye plezi : se pou nou sen tankou Bondye Papa a sen. Se pou nou devwe nan travay pou fè lavi boujonnen toupato, menm si nou nan gwo difikilte ak traka. Bondye

Mt 13,17

Lz 52,13; Lk 18,31

1Tes 1,5; 1Kor 2,4

Ef 2,1; 4,7

Lev 11,44 jan Sila a ki rele nou an li sen. <sup>16</sup>Paske men sa ki ekri: « *Se pou nou sen, paske mwen menm, mwen sen.* » <sup>17</sup>Si nou rele Papa Sila a ki jije tout moun san patipri, men dapre zèv chak moun, se pou nou viv ak krentif toutan nou an egzil la. <sup>18</sup>Nou konnen se pa ak bagay k ap peri tankou ajan oubyen lò, nou delivre sòti nan konpòtman moun fou nou an, kote zansèt nou yo te lage nou an, <sup>19</sup>men se ak san Kris la, san ki gen anpil valè a, san yon ti mouton ki san defo, san tach. <sup>20</sup>Yo te konnen li depi davans, anvan tè a te fèt. Men nan dènye tan yo, li vin parèt aklè poutèt nou. <sup>21</sup>Grasa li nou kwè nan Bondye ki te leve l byen vivan sòti pami mò yo, epi ki te ba li glwa pou lafwa nou ak lespwa nou chita nan Bondye.

Jn 13,34; Wm 12,10 <sup>22</sup>Nan obeyi laverite a, nou fin pwòpte nanm nou pou youn kapab renmen lòt, tankou frè, san nou pa fè ipokrit. Se pou youn renmen lòt ak yon kè pwòp toutbon, <sup>23</sup>paske fèt nou fèt yon dezyèm fwa pa sòti nan yon jèm k ap peri, men nan yon jèm ki p ap peri, grasa Pawòl Bondye a ki vivan epi ki rete toutan. <sup>24</sup>Paske « *tout moun se tankou zèb, tout glwa li se tankou flè ki pouse nan zèb: zèb la seche, flè a fennen.* » <sup>25</sup>Men Pawòl Granmèt la rete pou toutan. Se Pawòl sa a menm ki Bon Nouvèl sa yo te anonse nou an.

2Kor 5; Ef 4,17

T Ap 20,28; Ef 9,12

Wm 4,24

Jn 13,34; Wm 12,10

Jak 1,18; 1Jn 3,9

Iz 40, 6-8

## Wòch vivan, nasyon apa pou Bondye

**2** <sup>1</sup>Konsa se pou nou lage tout mekanste, tout riz, tout ipokrizi, tout vye anvì ak tout kout lang. <sup>2</sup>Tankou ti bebe ki fèk fèt, se pou nou anvì bon lèt pou lespri a, lèt yo pa koupe: poutèt li nou kapab grandi nan delivrans lan. <sup>3</sup>*Reyèlman vre, nou te santi nan kè nou jan Granmèt la bon.*

<sup>4</sup>Antan nou pwoche bò kote l, li menm wòch vivan moun voye jete a, men Bondye chwazi epi rekonèt valè li a, <sup>5</sup>nou menm tou, tankou wòch vivan, kite yo sèvi ak nou pou yo bati yon kay nan Lespri a. Konsa n ap fè yon sèvis prèt ki sen, pou nou ofri kado yo sakri-fye yo, kado nan Lespri a Bondye va kontan resevwa grasa Jezi Kri. <sup>6</sup>Se poutèt sa, men sa ki nan Liv la: « *Men li, mwen mete yon wòch kwen nan Siyon, mwen chwazi l, li gen valè. Moun ki kwè nan li p ap wont.* »

<sup>7</sup>Konsa sa fè onè nou, nou menm ki kwè yo. Men pou sa ki pa kwè yo, wòch bòs mason yo voye jete a se li ki tounen tèt kwen an, <sup>8</sup>wòch ki fè bite, gwo wòch antrav. Yo bite paske yo dezobeyi Pawòl la. Se pou sa menm yo te mete yo la. <sup>9</sup>Kanta nou menm, nou se yon ras yo chwazi, moun k ap fè yon sèvis prèt ki wa, yon nasyon ki sen, yon pèp ki vin pou mèt li, pou nou anonse mèvèy Sila a ki rele nou sòti nan fènwa ale nan bèl limyè san parèy

Jak 1,21

Mk 10,15; 1Kor 3,2

Sòm 34,9

Mt 21,42

1Kor 3,16; Ef 2,20;

Wm 12,1; Eb 13,15

Iz 28,16

Sòm 118,22

Iz 8,14

Iz 43,20; 19,5; Wm 3,24; Ef 1,14; Kol 1,12

pral jije nou dapre sa nou fè sou tè a. Epi pouki-sa kreyen an dwe sen? Kreyen an dwe sen, paske Bondye ki rele l la sen, Jezi ki sove l la sen, Lespri ki klere l la sen. Si lontan nou te nan esklavaj anba vye lide nou te genyen yo, kounye a nou dwe viv dapre bèl lavi nou te resevwa nan batèm lan, ki lavi Bondye menm nan.

**1,22-25:** Nan pati sa a, Bondye mande nou pou nou viv nan renmen ak nan laverite. Yon kreyen montre li nan lavi tounèf la, lè li renmen san ipokrizi, ak yon kè sensè. Se pou nou refize tout kalite vye bagay ki fè nou fè bak nan chemen Jezi Kri a. E se Pawòl Jezi Kri a ki gide nou nan chemen sa a.

**2,4-10: Wòch ak prèt** se de mo kle ki parèt nan mòso sa a. Mo sa yo esplike sa kreyen yo pral devini: Granmèt la se tankou yon wòch ki

sou tè a, tout moun ki pa wè l ap frape pye yo sou li (Izayi 8,14). Sitiyasyon kreyen ki sòti nan peyi etranje yo, t ap viv, sanble ak sitiyasyon Jezi te viv, lè yo te refize l nan pwòp peyi pa l la. Yo te mete l deyò tankou yon wòch ki pa itil anyen nan batisman yon kay. Men lè Jezi te leve byen vivan pami mò yo, li te tounen yon wòch vivan. Menm jan tou, kreyen yo ki te anba pèsekisyon nan mitan Lanpi women an, te tounen wòch. Yo te fè youn ak Jezi Kri nan batèm yo, e konsa, yo sèvi pou yo bati yon nouvo tanp vivan, kote tout kreyen yo se prèt yo ye. Se atravè pwòp lavi yo kreyen yo ofri sèvis tounèf ki fè Bondye plezi a. Kreyen yo se wòch sosyete tounèf la, wòch vivan, paske yo chak yo patisipe nan lavi Bondye, epitou yo chak jwe yon wòl aktif nan komite a ak nan sosyete a.

Oze 1,6; 2,3; 2,25  
li a. <sup>10</sup>Nou pa t yon pèp anvan, kounye a nou se pèp Bondye. Nou menm yo pa t fè gras, kounye a yo fè nou gras.

### Viv tankou sèvitè Bondye

Gal 5,24; Jak 4,1  
Mt 5,16  
<sup>11</sup>Nou menm mwen renmen an, m ankouraje nou, tankou moun vini ak moun k ap pase: rete lwen move anvi kò a k ap batay ak nanm lan. <sup>12</sup>Se pou nou kondi tèt nou byen pami pèp etranje yo. Konsa menm kote y ap pale nou mal kòm malfektè, lè yo wè tout-bon bagay n ap fè, y a bay Bondye glwa jou vizit li a.

Wm 13,1; Tit 3,1  
Gal 5,13; Jd 1,4  
Pwv 24,21; Mt 21,21  
<sup>13</sup>Se pou nou soumèt devan tout òganizasyon moun mete poutèt Granmèt la: kit se wa a kòm otorite siperyè, <sup>14</sup>kit se gouvènè yo, li voye pou pini malfektè yo ak pou lwanj sila yo ki fè sa ki byen. <sup>15</sup>Paske men sa ki volonte Bondye: pou nan fè sa ki byen, nou fèmen bouch moun ki pa konn anyen yo e ki fou yo. <sup>16</sup>Se pou nou aji tankou moun ki gen libète, pa tankou moun ki pran libète a pou kouvri sa ki mal, men tankou esklav Bondye. <sup>17</sup>Respekte tout moun, renmen frè yo, gen krentif pou Bondye, respekte wa a.

### Egzanp soufrans Jezi Kri yo

Ef 6,5  
<sup>18</sup>Esklav ki nan kay yo, se pou nou soumèt ak anpil krentif devan mèt nou yo, se pa sèlman devan sila yo ki gen bon kè ak bon jan, men devan sila yo tou ki mechan. <sup>19</sup>Reyèlman vre, se yon

favè sa ye, si yon moun, poutèt Bondye, sipòte soufri yon repwòch li pa merite. <sup>20</sup>Ki konpliman ki genyen pou nou si lè nou fè sa ki mal nou sipòte yo bat nou? Men si lè nou fè sa ki byen nou sipòte soufri, sa a se yon favè bò kote Bondye. <sup>21</sup>Reyèlman vre, yo rele nou pou sa, paske Kris la soufri pou nou tou, li kite yon egzanp ban nou pou nou kapab mache nan tras li. <sup>22</sup>*Li ki pa t fè peche, ni yo pa t jwenn okenn manti nan bouch li.* <sup>23</sup>Li menm yo te joure san li pa t reponn joure a, ki te soufri san li pa t fè menas, men ki te renmèt tèt li nan men Sila ki jije kòrèk la. <sup>24</sup>Se li ki te pote peche nou yo, nan kò li sou bwa a, pou nou mouri fini ak peche yo, apre pou nou viv nan lavi kòrèk la. Se grasa blese li yo nou geri. <sup>25</sup>Reyèlman vre, nou te tankou mouton ki pèdi wout, men kounye a nou kase tèt tounen vin jwenn gadò ak siveyan nanm nou yo.

### Moun marye yo

**3** <sup>1</sup>Menm jan tou, medam yo, se pou nou obeyi mari nou. Konsa si gen kèk ki pa kwè nan Pawòl la, medam yo va rive pran tèt yo, san okenn pawòl, men poutèt jan yo kondi tèt yo, <sup>2</sup>lè y a wè jan lavi nou pwòp epi li plen respè. <sup>3</sup>Bèlte nou se pa sa ki parèt deyò a, tankou bèl kwafi, sèk lò, mete rad fen, <sup>4</sup>men se moun ki kache nan fon kè a, ak yon lespri dou, trankil ki pa kapab

**2,11-12:** Kominote kretyen an anba pèsèki-syon. Li dwe pran anpil prekosyon pou yo pa depafini l nèt. La a, nou jwenn envitasyon pou n viv temwayaj Kris la nan aksyon n ap fè. Si yo pale nou mal, se yon rezon anplis pou n montre kouman lavi kretyen an bèl epi tout mantè yo ap fèmen bouch yo. Jijman Bondye a mete sa ki laverite a aklè. Konsa moun ki wè jan kominote kretyen an viv, l ap kwè nan Levanjil Jezi Kri a.

**2,13-17:** Kretyen yo dwe respekte chèf ak otorite ki pa kretyen yo epi obeyi lòd yo pase depi se sa ki byen y ap mande. Wòl chèf yo nan sosyete a, se rekonpanse moun ki fè byen ak pini sila yo ki fè mal. Kretyen yo pa dwe gade chèf yo mal, men ak temwayaj lavi yo, e ak bon konpòtman yo, yo dwe rale yo sou Kris la ak nan Legliz la.

**2,18-25:** Isit la yo pa wè esklavaj la sou plan sosyal ak nan rapò moun ak moun ki gen menm dwa, kòm nou konprann sa jodi a, men yo wè esklavaj la plis sou plan espirityèl. Esklav ki kretyen dwe konpare lenjistis y ap sibi yo ak kantite lenjistis Kris la te sibi pou nou. Sa pa dwe dekouraje yo, men sa dwe ba yo plis fòs ak kouraj. Sa ba yo grandè ak valè nan je Bondye, si yo gen lafwa.

**3,1-7:** Lè lèt sa a te ekri, sosyete a te rekonèt otorite gason sou fi. Se konsa nan tout Nouvo Kontra a. Men sèlman isit la, yo rekonèt pakèt enfluyans yon fi kretyen kapab genyen sou mari l poutèt konpòtman l, ak bon konprann li. Sa ap fè l jwenn respè ak konsiderasyon mari l.

gate. Se sa ki gen valè devan Bondye.

<sup>5</sup>Se konsa medam lontan yo, ki te sen, e ki te mete lespwa yo nan Bondye, te fè kò yo bèl ak fason yo obeyi mari yo.

<sup>6</sup>Konsa Sara te obeyi Abraram, li te rele l 'Mèt'. Nou tounen pitit li, lè nou fè sa ki byen san nou pa pè anyen.

<sup>7</sup>Menm jan tou, nou menm mesye yo, se pou nou viv ansanm nan kay la ak bon konprann vizavi medam yo tankou yon veso frajil. Se pou nou respekte yo, kòm moun k ap eritye favè lavi a ansanm ak nou. Konsa lapriyè nou yo, p ap jwenn baryè.

### Frè ak frè

<sup>8</sup>Pou fini, se pou nou tout gen menm lide, pou youn soufri pou lòt, pou youn renmen lòt tankou frè, pou youn sansib pou lòt, pou nou fè nou tou piti. <sup>9</sup>Pa rann mal pou mal ni joure pou joure, men okontrè se beni pou nou beni, paske se pou sa yo rele nou, pou nou kapab eritye benediksyon an.

<sup>10</sup>*Konsa moun ki vle renmen lavi, epi ki vle wè jou ki bon pou li, se pou li kenbe lang li, pa di sa ki mal ak po bouch li, pou li pa bay manti. <sup>11</sup>Se pou li evite sa ki mal, pou li fè sa ki byen. Se pou li chèche lapè, pou li rapouswiv li.*

<sup>12</sup>*Paske je Granmèt la sou sila yo ki kòrèk, zòrèy li koute lapriyè yo, men figi Granmèt la mare sou sila yo k ap fè sa ki mal.*

<sup>13</sup>Epi kilès ki ta fè nou mal si nou cho nan fè sa ki byen? <sup>14</sup>Men ala chans pou nou menm si nou ta soufri pou sa ki kòrèk. Nou pa bezwen pè yo ditou, nou pa bezwen boulvèse.

<sup>15</sup>Okontrè, se pou nou respekte Kris Granmèt la nan kè nou, antan nou toujou pare pou nou defann tèt nou devan nenpòt moun ki mande nou pou ki rezon nou gen lespwa sa a nan nou. <sup>16</sup>Men ak bon jan, ak respè, se pou nou rive gen yon bon konsyans. Konsa kote y ap pale nou mal, moun k ap fè tripotay sou bon kondit nou gen nan Kris la, y a sòti wont. <sup>17</sup>Reyèlman vre, li pi bon pou nou soufri si se volonte Bondye, pou byen nou fè, pase pou mal nou fè.

<sup>18</sup>Paske Kris la li menm tou te mouri yon sèl fwa pou tout, pou peche nou yo, li menm ki kòrèk pou sila yo ki pa kòrèk, pou li te mennen nou bay Bondye. Yo te touye li nan kò l, men yo fè li gen lavi nan lespri a. <sup>19</sup>Se nan lespri sa a, l al pote Bon Nouvèl la bay ata lespri yo ki nan prizon, <sup>20</sup>sila yo ki pa t kwè lontan yo, lè Bondye t ap tann yo ak tout pasyans li, nan jou Noye t ap pare gwo batiman an. Ladan l se kèk moun ase, antou uit moun, ki te sove nan dlo a. <sup>21</sup>Dlo sa a se pòtre batèm ki sove nou tou, kounye a. Batèm lan se pa salte kò a li wete, men se mande Bondye yon bon konsyans, grasa leve byen vivan Jezi Kri a. <sup>22</sup>Li menm li adwat Bondye. Li monte nan syèl la. Ni zanj yo, ni pisans yo, ni pouvwa yo anba lòd li.

**3,13-17** : Konpare vèsè sa yo ak Mt 5,3-12. An nou gade pa egzanp vèsè 3,14 : «*Men ala chans pou nou menm si nou ta soufri pou sa ki kòrèk*». Sa vle di soufrans kretyen yo jwenn kounye a se akòz temwayaj yo t ap bay. Si yo mande yo : poukisa yo gen lespwa ? Yo dwe bay temwayaj kote lespwa kretyen an sòti, e poukisa yo te toujou gen kè poze menm si yo nan soufrans. Se nan Jezi Kri lespwa ak fòs kretyen yo sòti. Temwayaj kretyen an sòti nan fason yo aji. Pa sèlman nan sa yo fè, men nan fason yo fè l.

**3,18-22** : Lèt sa a pale, dapre jan moun nan epòk sa a te konn pale, sou pechè nan tan Noye.

Moun sa yo se te egzanp moun ki fè peche pou-tèt yo te manke pran reskonsablite yo. Epoutan Kris la te sove yo : li te vini pou tout moun, li pa t vini sèlman pou moun ki te kenbe nan lafwa, oswa ki te gen chans fè pati Legliz li a.

Gen yon konparezon ki fèt ant gwo dlo nan tan Noye a ak batèm : gwo dlo a disparèt tè ki te la anvan an, yon tè ki te chaje ak peche. Batèm nan dlo a menm fè moun ki vin jwenn Kris la kòmnanse yon lavi tounèf. Temwayaj kretyen yo dwe ede moun ki pa konnen Jezi Kri yo aksepte Bon Nouvèl li a.

**Pwofite favè Bondye a**

**4**<sup>1</sup> Konsa Kris la te soufri nan kò l. <sup>2</sup> Nou menm tou pran menm lide sa a tankou yon zam: moun ki soufri nan kò l, pa nan peche ankò, <sup>3</sup> pou nou pa pase rès tan n ap viv nan kò a nan swiv vye anvi moun ankò, men nan fè volonte Bondye. <sup>4</sup> Reyèlman vre, nou pase kont tan nou nan fè volonte pèp etranje yo, nan lage kò nou nan dezòd, nan move anvi, nan bwè twòp diven, nan banbòch, nan koule bweson, nan sèvi zidòl, bagay yo defann nou fè. <sup>5</sup> Nan afè sa a, yo sezi wè nou p ap kouri ansanm ak yo nan chemen kote moun peri nèt la, e y ap derespekte nou. <sup>6</sup> Yo pral rann kont bay Sila a ki pare pou li jije ni moun ki vivan ni moun ki mouri. <sup>7</sup> Reyèlman vre, se pou sa, ata bay moun ki mouri yo, yo te pote Bon Nouvèl la, pou menm lè moun te kondane yo nan kò a, Bondye fè yo viv nan lespri a.

1Jn  
2,16

Tii 3,3

**Tounen Kris la pa lwen :  
youn dwe renmen lòt**

<sup>7</sup> Finisman tout bagay ap pwoche. Konsa kenbe tèt nou anplas, veye kò nou pou nou kapab lapriyè. <sup>8</sup> Anvan tout bagay, se pou youn renmen lòt anpil, paske renmen an kouvri yon pakèt peche. <sup>9</sup> Se pou youn resevwa lòt lakay li san bougonnen. <sup>10</sup> Dapre kado chak moun resevwa, se pou nou mete li nan sèvis lòt yo, tankou bon jeran ki

Pwv  
10,12;  
Jak  
5,20Wm  
12,16;  
1Kor  
12,4

reskonsab divès kalite favè Bondye a.

<sup>11</sup> Si yon moun ap pale, fòk se tankou pawòl Bondye. Si yon moun ap sèvi, fòk se tankou ak fòs Bondye ba li, pou nan tout bagay Bondye jwenn glwa grasa Jezi Kri. Glwa ak pouvwa se pou li pou toutan nètale. Amèn.

**Soufri tankou patizan Jezi Kri**

<sup>12</sup> Nou menm mwen renmen an, pa sezi pou dife ki nan mitan nou an ki la pou seye nou: pa pran l tankou yon bagay dwòl ki rive nou. <sup>13</sup> Men nan mezi nou patisipe nan soufrans Kris la, se pou nou kontan dekwa pou lè glwa l va parèt tout aklè, nou va gen gwo kè kontan. <sup>14</sup> Ala chans pou nou si yo joure nou poutèt non Kris la, paske Lespri ki bay glwa a, Lespri Bondye a, poze sou nou. <sup>15</sup> Pinga pèsonn pami nou soufri poutèt li se ansasen, oswa vòlè, oswa malfektè, oswa paske l ap fè jouda. <sup>16</sup> Men si se kòm moun Kris la, pinga li wont, se pou li bay Bondye glwa akòz Non sa a. <sup>17</sup> Paske li lè pou jijman an kòmmanse ak kay Bondye a. Si yo kòmmanse ak nou, kijan sila yo ki pa kwè nan Bon Nouvèl Bondye a pral fini? <sup>18</sup> Si moun ki kòrèk la se nan redi l ap sove, moun ki san relijyon, ki nan peche, kote l ap kapab parèt? <sup>19</sup> Konsa, moun sa yo ki soufri dapre volonte Bondye, se pou yo renmèt nanm yo nan men Sila a ki fè tout bagay, e ki merite konfyans, antan y ap fè sa ki byen.

Mt5,11

Kol3,4

Jer  
25,29;  
Lk  
23,31;  
2Tes1,8Pwv  
11,31Sòm  
36,6;  
Lk  
23,46

**4,1-5:** Petèt, nou menm jounen jodi a, nou aksepte twò vit pou n òganize lavi nou tankou moun ki p ap tann pwomès Jezi a. Konsa, konpòtman nou p ap fè yo sezi ditou. Men yo te pèsekite kreyen yo paske yo pa aji jan tout moun te konn aji. Apre batèm nan, yo te bay tèt yo nan fè sa ki byen, pou yo kapab patisipe nan viktwa final la ak Jezi Kri. Men se yon lespwa ki aji anpil nan renmen san limit la.

**4,6:** Ata bay moun ki mouri yo, yo te pote Bon Nouvèl la: Sa gen rapò ak vèsè ki vin anvan an: 3,18-20. Se yon jan pou pale sou rankont Jezi te fè lè l te mouri ak moun ki te mouri depi lontan yo. Li te vin sove moun sa yo tou.

**4,7:** Veye kò nou pou nou kapab lapriyè: Jounen jodi a, nou gen mwens travay materyèl pou nou fè, men patwa, divètisman san rete, radyo,

sinema, televizyon, entènèt, zanmi, ... ofri nou toutan, fè nou vin esklav yo, nou pa ka rezève yon ti tan chak jou oubyen chak semèn pou nou lapriyè. Se pa tan nou manke, men se volonte nou pa genyen pou nou lapriyè toutbon, swa lakay nou, swa legliz.

**4,12-19:** Vèsè sa yo rezime prensipal lide lèt la. Kreyen yo te gen gwo difikilte pou yo te swiv egzanp Jezi a ki sèl fason pou sèvi Jezi temwen. Nan mitan pèsekisyon yo ak divès soufrans yo, li te difisil pou kreyen yo kenbe. Se nan pèsekisyon sa yo, Bondye ka jije nou. Se ladan yo, tout moun ka wè ki moun ki nan laverite ak ki moun ki nan bay manti. Nan mitan soufrans yo, kreyen yo kenbe fèm ak lespwa nan jistis Granmèt Jezi Kri a, ki sèl Mèt listwa.

**Avètisman pou Ansyen yo**

**5**<sup>1</sup> Konsa mwen menm ki yon Ansyen tou, ki te temwen soufrans Kris yo epi k ap patisipe nan glwa li ki pral parèt la, mwen mande Ansyen ki pami nou yo: <sup>2</sup> pran swen bann mouton Bondye ki nan men nou yo. Siveye li san se pa fòse y ap fòse nou. Men fè sa tou natirèl nan jan Bondye, san se pa dèyè avantaj k ap fè nou wont. Men fè sa ak tout kè nou, <sup>3</sup> san pa gen pran pòz chèf k ap toupizi pòsyon yo konfyè nou an, men pou nou tounen modèl pou bann mouton an. <sup>4</sup> Epi lè Gadò anchèf la ap parèt, n a resevwa kouwòn glwa ki p ap gate a.

2Tm  
3,8;  
Tit 1,7

1Kor  
4,16;  
Tit 2,7

**Avètisman pou fidèl yo**

<sup>5</sup> Menm jan tou, se pou jèn yo obeyi ansyen yo. Se pou tout moun vlope kò yo ak santiman moun ki fè kò yo piti devan lòt. Paske *Bondye kenbe tèt ak moun ki gen lògèy, se sila yo ki fè kò yo piti li bay favè l.* <sup>6</sup> Fè kò nou piti anba fòs ponyèt Bondye, pou li kapab leve nou anlè kou moman an rive. <sup>7</sup> Lage tout tèt chaje nou yo sou li,

Jn  
2,12;  
Pwv  
3,34

Flp 4,5;  
Sòm  
55,23;  
Mt 6,25

paske se li k ap okipe nou. <sup>8</sup> Veye kò nou, rete je klè. Dyab la ki lènmi nou an, tankou yon lyon k ap gwonde fò, k ap fè laviwonn, l ap mache chèche kilès pou li devore. <sup>9</sup> Se pou nou kenbe tèt ak li fèm nan lafwa nou, lè nou konnen se menm kalite soufrans yo, frè nou yo ap sibi sou tè a. <sup>10</sup> Bondye kote tout favè sòti a, li menm ki rele nou antre nan glwa li ki p ap janm fini an nan Kris la, va refè nou, li menm, lè nou fin soufri yon ti kras, l a fè nou kenbe fèm, l a ban nou fòs epi l a fè nou kanpe dyanm. <sup>11</sup> Tout pouvwa se pou li pou toutan san rete. Amèn.

Ef 6,19

Wm  
8,18;  
2Kor  
4,17;  
1Tes  
2,12

**Dènye pawòl**

<sup>12</sup> Mwen fè Silven, yon frè ki merite konfyans, ekri ti mo sa a pou nou, pou m ankouraje nou, epi pou m deklare sa a se favè Bondye toutbon vre. Rete ladan. <sup>13</sup> Legliz ki Babilòn nan, sa yo chwazi menm jan ak nou an, ak Mak pitit mwen, voye salye nou. <sup>14</sup> Se pou youn salye lòt, youn bo lòt ak renmen nan kè yo. Kè poze pou nou tout ki nan Kris la.

T Ap  
15,22

Ap  
17,8

**5,1** : Nan seri konsèy nou pral wè la yo, n ap kab rekonèt gen sa ki gade Ansyen yo, reskonsab kominote yo. Se pou nou konpare pati lèt sa a ak koze nou jwenn nan Lèt pou Ebre yo 21, 17.

Nan sèvis kominote a, prèt yo dwe aji menm jan ak Jezi ki Bon Gadò mouton an. Prèt yo pa gen dwa fòse moun. Yo pa gen dwa chèche kòb nan men kominote a. Se konsa yo temwen Jezi, ki pa t vini pou mete moun nan sèvis li, men pou li rann yo sèvis (Jan 13; Lik 22,27).

**5,5-11** : Lèt la tounen sou sa li te di deja. Bondye pa gade moun ki kite logèy pran tèt li, men li fè moun ki bese tèt li favè.

Dèyè pèsekisyon an, kretyen yo wè men Satan an ki fè tout sa ki posib pou l dekouraje moun k

ap tann Kris la. Epi se yon bagay nou konstate, anpil fwa lè yon moun ap pare l, pou l fè yon pa enpòtan nan sèvi Bondye pi byen, yon pakèt pwoblèm tonbe sou li bridsoukou. Konsa, moun ki fè bak tou, pèdi tout bagay. Sa mande pou lafwa nou byen dyanm.

**5,12-13** : Nan langaj Jwif yo, Babilòn se te non yo bay lavil Wòm. Babilòn se te senbòl dominasyon ak maspinay. Se sa Jwif yo te soufri pandan yo te nan legzil nan Babilòn sòti lane 587 rive lane 538 anvan Jezi Kri. Kounye a kretyen yo bay lavil Wòm nan non Babilòn, menm jan ak Apokalips (Ap 17) pou yo di Lanpi women an egal prizon, soufrans.

**5,14** : Silven te kolaboratè Pòl, menm jan ak Mak.



## DEZYÈM LÈT PYÈ

### ***PREMYE KOZE A***

#### ***Ki moun epi kilè yo te ekri lèt sa :***

Menm si yo prezante lèt sa a kòm yon lèt ki sòti nan men apot Pyè, lèt sa a se dènye koze yo ekri nan Nouvo Testaman an. Yo te ekri l nan finisman premye syèk la, oswa nan kòmansman dezyèm syèk la. Moun ki ekri l kopye fason moun konn ekri sa yo rele «*Testaman zansèt yo*». Sa te fèt souvan nan epòk sa a. Li te mete pawòl yo nan bouch yon zansèt Pèp la ki pral mouri touswit e li bay pitit li yo dènye rekomandasyon l yo.

Menm si se pa Apot Pyè ki te ekri lèt sa a, nou jwenn lide l ak enfluyans li ladan l.

#### ***Sitiyasyon kominote a :***

Jouk moman sa a kretyen yo te viv lafwa yo ak gwo kè kontan, kouraj ak gwo angajman pou Peyi kote Bondye Wa a. Men twazyèm jenerasyon kretyen yo kòmanse pèdi kontak ak Jezi kòm moun. Poutèt sa moun ki ekri lèt sa a vle fè kretyen yo sonje Jezi, Nèg Nazarèt la.

Epitou Jezi pran twòp tan pou li tounen nan tout bèltè li. Kretyen yo kòmanse dekouraje. Gen anpil filozofi ki kòmanse parèt, ki pran tèt kretyen yo, e ki mete lafwa ak lavi moral kretyen yo an danje.

Lèt sa a bay yon repons pou sitiyasyon sa a. Li ankouraje kretyen yo pou yo kenbe fèm. Li denonse fo pwofèt yo. Li montre pasyans Bondye genyen ak nou. Epi li anonse yon tè tounèf ak yon syèl tounèf. Yo te ekri dezyèm lèt Pyè a apre lèt Jid la.

Lèt sa ban nou yon bèl mesaj pou nou konnen jan nou dwe viv nan yon listwa manch long sa a san nou pa janm dekouraje, paske jan Bondye wè tan k ap pase a, se pa konsa nou wè l nou menm.

#### ***Men chapant dezyèm lèt Pyè a :***

Bonjou (1,1-2)

Bondye rele nou (1,3-21)

Yon pinga pou fo pwofèt ak mèt mantè yo (2,1-22)

Jezi pral vini yon dezyèm fwa ankò (3,1-16)

Pou l fini lèt la (3,17-18)

**Bonjou**

**1** <sup>1</sup>Simon Pyè, sèvitè, apot Jezi Kri, pou sila yo ki gen chans resevwa yon lafwa, ki gen menm valè ak pa nou an, poutèt lavi kòrèk Jezi Kri, Bondye nou an, Sovè nou: <sup>2</sup>favè pou nou ak yon pakèt kè poze pou nou nan konesans Bondye ak Jezi Kri Granmèt nou an.

**Piyay kado Bondye bay**

<sup>1</sup>Pyè <sup>2,4</sup> <sup>3</sup>Paske ak pouvwa Bondye genyen an, li fè nou kado tou sa ki an rapò ak lavi epi ak respè tankou pitit pou Bondye, nan konnen li fè nou konnen Sila a ki rele nou an ak pwòp glwa li, ak fòs li. <sup>4</sup>Grasa yo, yo te fè nou bèl pwomès ki gen anpil valè. Konsa, poutèt yo, nou kapab vin patisipe nan sa Bondye ye a menm, antan n ap kouri kite pouriti sou tè a ki sòti nan move lanvi. <sup>5</sup>Se poutèt sa menm se pou nou mete tout chalè kè nou pou nou mete bon kalite sou lafwa nou. Konesans sou bon kalite, <sup>6</sup>kontwòl tèt nou sou konesans. Rezistans sou kontwòl tèt nou. Respè pou Bondye sou rezistans. <sup>7</sup>Sansib pou frè yo sou respè pou Bondye. Renmen sou sansib pou frè yo. <sup>8</sup>Reyèlman vre, si nou gen bagay sa yo, epi si yo vin pipilis nan nou, yo p ap kite nou, nan rive konnen Jezi Kri Granmèt nou, san nou pa fè anyen, oubyen san nou pa kapab donner. <sup>9</sup>Reyèlman vre, si yon moun pa gen bagay sa yo, li se yon avèg, li pa wè lwen, li bliye yo te fin pwòpte l ak

Gal 5,22

peche lontan li yo. <sup>10</sup>Se yon rezon anplis, frè m yo, pou nou bay kò nou pipilis mouvman, pou nou asire nou byen asire nan rele yo rele nou an, ak nan chwazi yo chwazi nou an. <sup>11</sup>Reyèlman vre, si nou fè sa, nou p ap janm bite. <sup>11</sup>Konsa, anplis, y a fè nou kado antre nan Peyi kote Jezi Kri, Granmèt nou ak Sovè nou, Wa toutan.

<sup>12</sup>Se pou sa m ap toujou fè nou sonje bagay sa yo, kwak nou konnen yo deja, epi nou kanpe dyanm nan laverite ki la a. <sup>13</sup>Mwen kwè sa kòrèk pou toutan m ap viv nan tant sa a pou mwen souke nou, pou mwen fè nou sonje, <sup>14</sup>antan mwen konnen tant mwen an pa lwen kraze, jan Granmèt Jezi Kri montre mwen an. <sup>15</sup>M ap bay kò mwen mouvman pou nou kapab sonje bagay sa yo chak fwa, apre mwen fin pati.

Jdt 1,5

Jn 21,18

**Glwa Kris la ak pawòl pwofèt yo**

<sup>16</sup>Reyèlman vre, se pa nan swiv vye istwa moun save envante, nou te fè nou konnen pouvwa ak jou Vizit Granmèt nou Jezi Kri. Men se kòm moun ki te wè ak de grenn je nan tèt yo grandè li. <sup>17</sup>Paske li te resevwa respè ak glwa nan men Bondye Papa a, lè yon vwa, tankou yon vwa ki sòti nan Glwa Sila ki Gran an te di: «Sila a se pitit mwen renmen an, nan li mwen jwenn kè kontan m.» <sup>18</sup>Nou te tandè vwa sa a sòti nan syèl la, lè nou te ansanm ak li sou mòn ki sen an.

Mk 9,2

<sup>19</sup>Konsa nou kenbe pawòl pwofèt yo

**1,1-2**: Favè a ak kè poze ki sòti nan Bondye a, nou rive jwenn li gras konnen nou konnen kilès Jezi Kri ye. Sa a se youn nan gwo lide ki nannan lèt sa a (1,2,8; 2,20; 3,18). Se lafwa nan Jezi Kri jan Apot yo te kite li ban nou an, ki fè nou pran angajman nou kòm kretyen. Si nou kenbe lafwa a jan Apot yo te kite li ban nou an, epi nou viv dakò ak lafwa sa a, nou kapab konnen Jezi Kri toutbon vre. Lèt sa a pale anpil sou konesans, paske nan epòk sa a moun yo mete kèk konesans ki sòti nan filozofi grèk la kòm pi enpòtan pase konesans lafwa a ban nou. Filozofi sa yo di moun yo pa bezwen fè anyen, sèl bagay yo bezwen se genyen bèl konesans sou Bondye. Lide

sa yo fè yon divès ant lafwa a ak lavi, kòm si lafwa a pa gen anyen pou wè ak lavi a.

**1,3-11**: Lè Bondye rele nou, se yon favè ki si tètman gran, nou konn pa kab ni konprann li ni apresye l kòm sadwa. Depi yon moun konnen ki moun Jezi ye ak sa li te fè, li kapab kòmansè yon chemen k ap mennen l nan yon chanjman total kapital nan lavi li. Konesans Jezi Kri a ban nou 8 prensip pou nou viv lavi nou kòm kretyen. Prensip sa yo sòti nan lafwa a pou yo rive nan renmen an (vèsè 5-7). Se lè nou mete tout fòs sa yo an aktivite, n a kòmansè donner sa ki fè Peyi Kote Bondye Wa a grandi sou tè a.

pi fèm toujou. Nou byen fèt resevwa l tankou yon lanp k ap klere nan fènwa, jistan li fè jou epi zetwal granm maten an leve nan kè nou. <sup>20</sup>Anvan tout bagay, fòk nou byen konnen, okenn pawòl pwofèt nan sa ki ekri a, pa kapab tounen yon bagay chak moun bay esplikasyon pa l sou li. <sup>21</sup>Reyèlman vre, okenn pawòl pwofèt pa janm sòti nan volonte moun, men se moun Lespri Sen an mennen ki pale sa ki sòti nan Bondye.

2Tm  
3,6;  
1Pyè  
1,11

### Fo pwofèt ak mèt mantò

**2**<sup>1</sup>Te gen fo pwofèt nan pèp la, menm jan pral gen tou fo pwofesè pami nou, ki pral fè gwoup apa pou fè moun peri. Yo pral derekonèt Mèt ki te peye pou yo a, yo pral rale sa k ap fè yo peri byen vit la, sou tèt yo. <sup>2</sup>Anpil moun pral swiv yo nan dezòd. Y ap derespekte chemen laverite a poutèt yo. <sup>3</sup>Nan vle yo vle gen piplis, yo pral konpoze bèl pawòl pou yo esplwate nou. Depi lontan jijman yo pa kanpe, destriksyon yo p ap dòmi.

Dtw  
13,2;  
1Tm  
4,1;  
Jdt 1,4

### Egzanp sa yo nan tan pase

<sup>4</sup>Reyèlman vre, si Bondye pa t fè pa zanj ki te fè peche yo, men li te lage yo nan bafon an, kote yo mare nan fènwa, kote yo kenbe yo pou jijman an, <sup>5</sup>si li pa t fè pa tè a ki te la anvan an, menm

1Pyè  
3,20

si li te pwoteje sèt moun, ak Noye fè 8—Noye ki t ap preche lavi kòrèk la—, lè li te voye yon gwo kout tan sou tè moun ki pa sèvi Bondye yo, <sup>6</sup>si li te kondane lavil Sodòm ak lavil Gomò, fè yo tounen sann, pou yo sèvi egzanp pou moun ki pa sèvi Bondye yo, <sup>7</sup>si li te delivre Lòt, nèg kòrèk la, ki te soufri anpil poutèt konpòtman moun san prensip ki nan vye dezòd yo—<sup>8</sup>reyèlman vre, poutèt sa li te wè ak sa li te tandè, nèg kòrèk la ki te abite pami yo a t ap fè nanm kòrèk li a soufri, jou apre jou, poutèt zèv moun sa yo ki san Lalwa,—<sup>9</sup>konsa Granmèt la konnen kijan pou li delivre moun ki respekte Bondye yo anba pyèj. Moun ki pa kòrèk yo menm, li konnen kijan pou li kenbe yo, pou li pini yo jou jijman an, <sup>10</sup>sitou sila yo k ap mache dèyè vye plezi, ki anvi bagay sal e ki meprize pouvwa Granmèt la. Yo gen je chèch, yo awogan, yo pa pè derespekte gwo pisans yo. <sup>11</sup>Poutan zanj yo ki pi sipeyè pase yo nan pouvwa ak nan fòs pa janm pote yon jijman derespektan kont yo devan Granmèt la.

Jdt 1,7

Jdt 1,8

<sup>12</sup>Tankou bèt ki san lespri, ki fèt pou moun kenbe epi pou detwi yo, y ap derespekte sa yo pa konnen, y ap peri tou nan menm destriksyon ak yo. <sup>13</sup>Y ap resevwa lenjistis kòm salè pou lenjistis pa yo. Yo pran banbòch lajou-

Jdt  
1,10

Jdt  
1,12

**1,19-20**: «Zetwal granm maten an» se konsa yo rele Kris la (Ap 22,16). Apot yo gen menm otorite ak Pwofèt yo (v. 19) Pwofèt Ansyen Kontra yo, yo te anonse pouvwa ak bèlte Mesi a, men anons yo fè yo, yo pa sòti nan vizyon yo fè dapre tèt yo, oswa nan pawòl yo envante pou kont yo. Temwayaj pwofèt yo sòti nan Lespri Sen an ki te ba yo pawòl pou y al pote mesaj bay pèp la. Nan sans sa a Bib la toutantye te resevwa egzistans li nan Lespri Sen an, ki ede moun ki ekri yo pou yo fè mesaj la pase bay pèp la, dapre konesans ak kilti yo. Menm si yo pa t konnen, yo t ap ekri anba souf Lespri Sen an.

**1,21**: Vèsè sa yo di sa nou jwenn nan Bib la byen klè: tou sa l di se sou Bondye, epi tout se zèv Lespri Sen an. Sa pa vle di se Lespri Sen an ki te dikte nan zorèy moun ki ekri yo, sa pou yo ekri ni se pa tout moun ki ekri, ki te ekri Pawòl

Bondye. Men Bondye te fè travay li nan listwa pèp la, nan mitan pèp la, li te chwazi moun ki ekri sa pèp li a bezwen, pou li mache nan lavi a. Men yo chak t ap ekri nan pwòp fason pa yo, antan yo te respekte kilti epòk la. Epi yo te ekri sa yo te jije ki nesèsè. Vèsè sa a mache ak sa 2 Timote 3,16 di nou an: Pyès moun pa kapab esplike Pawòl Bondye a dapre sa li vle. Pou lis liv Bib la gade «Premye koze a» nan Nouvo Kontra a.

**2,1-22**: Avètisman ki pou fo pwofèt ak mèt mantè yo reprann yon pati nan menas ki te nan lèt Jid la. Li montre nou ajisman kèk pwofesè labib, swadizan kreyen, men yo pa kwè Jezi Kri te sove nou. Poutèt yo renmen lajan, yo te trayi Levanjil la. Yo defòme laverite. Poutèt sa, yo vle twonpe lafwa moun ki kwè yo. Yo vle pran tèt kreyen yo, epi mennen yo al nan «nostisis», yon filozofi grèk ki pa marye lafwa ak lavi chak

nen pou plezi. Yo sal e yo merite repwòch antan y ap pran plezi yo a nan anvi yo genyen pou yo twonpe, lè y ap fè banbòch ak nou. <sup>14</sup>Antan je yo plen adiltè e yo pa sispann fè peche, yo pran tèt moun ki pa fèm. Kè yo toujou anvi gen piplis, pitit madichon! <sup>15</sup>Yo kite chemen dwat la, yo pèdi wout, yo swiv chemen Balaram, pitit Bozò a, ki te renmen yo peye l pou sa ki pa t kòrèk. <sup>16</sup>Men li te pran repwòch pou pwòp dezobeyisans li: Yon bèt ki konn pote chay, tou bèbè, ki pale ak vwa yon moun pou anpeche pwofèt la deraye.

<sup>17</sup>Yo se sous san dlo, epi se vapè gwo van ap pote ale. Se yon michan fènwa ki sere pou yo. <sup>18</sup>Reyèlman vre, antan y ap di pawòl grandizè ki pa gen sans, yo pran tèt sila yo ki fèk rale kò yo sou moun k ap viv nan erè ak nan vye dezòd, ansanm ak nan anvi bagay sal. <sup>19</sup>Yo pwomèt yo libète, yo menm ki esklav pouriti. Reyèlman vre, tout moun esklav sa ki pran nanm li. <sup>20</sup>Si yo te fin kouri pou bagay sal sou tè a, poutèt konesans Granmèt ak Sovè nou, Jezi Kri a, si yo tounen lage kò yo, nan bagay sa yo, pou yo pran nanm yo, dènye sitiyasyon sa a pi mal pase premye a. <sup>21</sup>Reyèlman vre, li ta pi bon pou yo, pou yo pa t konnen chemen lavi kòrèk la, pase pou yo konnen l, epi pou yo vire do bay kòmandman ki sen, yo te renmèt yo a. <sup>22</sup>Sa pwovèb laverite a di a tonbe daplon pou yo: «*Chen an tounen nan vomi li an,*» epi «*Manman kochon, yo fèk benyen an, al woule kò l nan labou.*»

Pwv  
26,11;  
Lk  
12,47

### Pwomès se dèt: Granmèt la ap retounen

**3** <sup>1</sup>Nou menm mwen renmen an, sa se dezyèm lèt m ekri nou deja. Ladan yo mwen reveye bon jan lespri nou pou rafrechitèt nou, <sup>2</sup>dekwa pou nou kapab sonje pawòl pwofèt ki sen yo te pale davans yo, ansanm ak kòmandman Apot nou yo, ki kòmandman Granmèt la ak Sovè a. <sup>3</sup>Premye bagay, nou konn sa byen: nan dènye jou yo, gen moun ki konn pase moun nan betiz k ap sòti pou yo betize nou, k ap vini dapre pwòp move anvi yo, <sup>4</sup>pou yo di: «Kote pwomès vini l ap vini an? Reyèlman vre, depi gran gran paran nou yo fin mouri, tout bagay rete konsa, jan yo te fè yo depi nan kòmandman.» <sup>5</sup>Men yo bliye, espere, syèl la te la depi lontan ak yon tè ki te sòti nan mitan dlo pa pouvwa dlo grasa Pawòl Bondye a. Yo te parèt nan mitan dlo ak nan fon dlo. <sup>6</sup>Akòz yo, tè ki te la lè sa a, te peri antan dlo te kouvri l. <sup>7</sup>Se menm Pawòl la ki sere syèl la ak tè a jodi a pou dife. Li kite yo la pou jou jijman an, jou lènmi Bondye yo va disparèt. <sup>8</sup>Nou menm mwen renmen an, se sèl bagay sa a nou pa dwe bliye: pou Granmèt la yon jou se tankou mil lane, mil lane se tankou yon sèl jou. <sup>9</sup>Se pa mize Granmèt la ap mize ak pwomès li a, non, jan kèk moun kwè li mize, men se pasyans l ap pran ak nou. Paske li pa vle pou pèsonn peri, men pou tout moun rive chanje kè yo. <sup>10</sup>Jou Granmèt la pral rive tankou yon vòlè. Jou sa a syèl la pral disparèt ak yon gwo bri. Mòso yo pral boule epi yo pral fonn, ni tè a, ni zèv y ap jwenn nan tè

Jd 1,17

Sòm  
90,4

Abk 2,3;  
Wm 2,4;  
1Tm 2,4

1Tes  
5,2;  
Mt  
24,43

jou. Yo di sovè a vini pou l fè nou konnen yon seri bagay, men konnen sa a pa gen anyen pou wè ak lavi chak jou a. Poutèt sa, yo anonse yon fo libète ki mennen moun yo nan esklavaj. Lèt la mande pou yo kenbe fèm nan angajman ak Jezi toutbon, pou yo pa al dèye fo pwofèt ak mèt mantè sa yo. Li konpare fo pwofèt sa yo ak Balaram (Resansman 22-24), ki modèl tout pwofèt ki antre nan koripsyon yo. Epi li mande kretyen yo pou yo kenbe fèm nan lafwa a epi pou

yo pran angajman serye ak lavi chak jou a, pou yo kapab sove, jou Bondye pral jije tout moun sou tè a. Si yo fè sa, y ap sove menm jan ak Noye ak Lòt.

**3,1-10:** Pwomès Jezi ap tounen an kilè Bondye pral reyalize l? Dezyèm lèt Pyè a ankouraje kretyen yo, soutni lespwa yo, mande yo pou yo wè lane k ap pase yo jan Bondye wè sa. Bondye gen pwojè pa l.

a tou. <sup>11</sup> Kòm tout bagay sa yo gen pou disparèt, ala nou ta dwe kenbe kò nou nan yon konpòtman ki sen ak nan bon santiman pitit Bondye, <sup>12</sup> antan n ap tann jou Bondye ap parèt la, epi n ap chèche fè l prese rive! Jou sa a syèl la pral disparèt nan dife, mòso yo pral fonn antan y ap boule. <sup>13</sup> Dapre pwo-mès li n ap espere yon syèl tounèf ak yon tè tounèf kote lavi kòrèk pral abite.

<sup>65,17;</sup>  
<sup>Ap 21,1</sup>

#### **Dènye konsèy ak avètisman**

<sup>14</sup> Se poutèt sa, nou menm mwen renmen an, antan n ap espere bagay sa yo, fè tout efò nou pou nou san tach, e san repwòch, pou li jwenn nou nan kè poze. <sup>15</sup> Se pou nou wè pasyans

Granmèt nou an tankou yon delivrans, nan fason Pòl, frè nou sa a nou renmen an, te ekri nou dapre bon konprann yo te ba li a. <sup>16</sup> Se konsa tou, li pale sou bagay sa yo nan tout lèt li yo. Ladan yo gen bagay ki difisil pou konprann. Epi gen moun ki pa konnen, ki pa fèm, ki defòme sans yo jan yo fè pou lòt Pawòl ki ekri yo. Se konsa y ap detwi pwòp tèt yo. <sup>17</sup> Konsa, nou menm mwen renmen, ki deja konnen, veye pou nou pa pèdi baz solid nou an nan swiv erè moun san prensip yo. <sup>18</sup> Men se pou nou grandi nan favè ak nan konesans Granmèt ak Sovè nou an, Jezi Kri. Glwa pou li ni kounye a ni pou jou ki va la pou toutan an. Amèn.

<sup>Jdt</sup>  
<sup>1,25</sup>

---

**3,11-14:** Pou Peyi kote Bondye Wa a parèt, sa p ap mande pou tè nou konnen jodi a detwi oswa disparèt nèt, men pito pou tè sa a vin tounen yon lòt kalite tè ki tounèf.

**3,15-16:** Nan epòk sa a yo kòmanse rekonèt lèt Pòl yo kòm liv ki ekri anba souf Lespri Sen an, menm jan ak lòt liv ki nan Bib la.  
Lèt la fini ak yon lapriyè kominote yo te konn fè.